

## **Kisa Plan Kolèj Kominotè Frè Eskolè Gratis la ye [Tuition-Free Community College (TFCC)]?**

Plan Kolèj Kominotè Frè Eskolè Gratis [Tuition-Free Community College (TFCC)] peye pou jiska twazan frè eskolè pou rezidan Boston yo kèlkeswa laj, revni oswa kondisyon imigrasyon yo -- kap pouswiv yon diplòm dezan oswa yon pwogram sètifika akoutèm nan yon kolèj patnè.

### **Ki kolèj ki elijib?**

Gen sis kolèj patnè:

- [Benjamin Franklin Cummings Institute of Technology](#)
- [Bunker Hill Community College](#)
- [Massasoit Community College](#)
- [MassBay Community College](#)
- [Roxbury Community College](#)
- [Urban College of Boston](#)

### **Ki depans ki kouvri?**

- Tout frè ekolaj ak frè obligatwa ki rete apre yo fin aplike nenpòt lòt èd finansye aplikab.
- \$250 chak trimès pou jiska twazan depans ki gen rapò ak kolèj (tankou liv oswa transpò).
- Dèt jiska \$2,500 pou elèv ki gen yon balans ki pa peye nan yon kolèj patnè ki anpeche yon elèv re-enskri nan lekòl sa a.

### **Kijan pou m aplike?**

Elèv yo senpleman bezwen aplike nan pwogram yo vle a epi kolèj patnè yo pral aplike lajan yo kòm yon pati nan pwosesis èd finansye yo.

### **Èske mwen dwe yon sitwayen ameriken pou m aplike?**

Non, tout rezidan Boston yo elijib kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.

### **Ki pwogram ki kouvri?**

Nenpòt pwogram diplòm dezan oswa pwogram sètifika akoutèm ki disponib nan yon kolèj patnè TFCC. Pou aprann plis sou pwogram ki disponib yo ak kijan pou aplike, vizite sit entènèt admisyon kolèj ki konsène a.

Kou endividyèl oswa kou yo ki pa fè pati nan yon pwogram degre oswa sètifika, tankou klas ESOL oswa klas edikasyon kontinyèl yo pa kalifye pou lajan TFCC.

### **Kisa yon pwogram sètifika akoutèm ye?**

Pwogram sètifika akoutèm lan ka bay kalifikasyon ki mennen nan travay nan endistri tankou swen sante, enèji renouvlab, ak teknoloji enfòmasyon nan yon ti tan ki se sis mwa. Sis kolèj TFCC k ap patisipe yo ofri yon seri pwogram sètifika. Pou aprann plis ak pou aplike, kontakte kolèj patnè ki konsène a.

## **Kisa FAFSA ye?**

Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv (FAFSA) se yon pwosesis gratis sou entènèt ki pral fè w konnen si w kalifye pou yon prim èd finansye espesifik ki baze sou revni yo rele Pell Grant, ki kouvri depans kolèj.

Sibvansyon Pell la se yon sibvansyon Depatman Edikasyon Etazini ki ede peye kolèj pou elèv ki gen bezwen finansye. Kontrèman ak yon prè, ou pa bezwen re-peye Pell Grant.

Li pran mwens pase inèdtan pou ranpli FAFSA.

Aplike nan [studentaid.gov/h/apply-for-aid/fafsa](https://studentaid.gov/h/apply-for-aid/fafsa)

Si w bezwen èd pou ranpli FAFSA a, FAFSA Day Massachusetts se yon pwogram volontè ki pa pou pwofi ki bay asistans gratis pou elèv ak fanmi yo k ap chèche ranpli FAFSA.

Aprann plis nan [masfaa.org/fafsaday/](https://masfaa.org/fafsaday/)

## **Èske mwen oblije ranpli FAFSA a?**

### Pou pwogram degre:

Etidyan ki elijib yo pou èd federal etidyan, dwe ranpli epi soumèt yon Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Etidyan oswa FAFSA. Si w kalifye pou resevwa yon Sibvansyon Pell federal jan yo detèmine nan soumèt FAFSA a, sa pral aplike nan ekolaj ou epi pwogram TFCC a pral peye balans ki rete a. Si w pa elijib pou èd federal pou etidyan akòz estati sitwayènte w, ou pa oblije ranpli yon FAFSA epi pwogram TFCC a ap peye tout balans ekolaj ou ak frè w yo.

### Pwou pwogram sètifika akoutèm:

Gen kèk pwogram sètifika akoutèm ki pa kalifye pou yon Sibvansyon Pell. Chak kolèj k ap patisipe yo ka fè w konnen si pwogram sètifika akoutèm w ap chèche a kalifye oswa si w bezwen ranpli yon FAFSA (si estati sitwayènte w la pèmèt sa).

## **Mwen se yon etidyan aktyèl nan yon lekòl TFCC, èske m ka toujou jwenn frè eskolè gratis?**

Non, si w deja enskri nan yon lekòl TFCC ou pa kalifye pou finansman sa a.

## **Konbyen ane TFCC pral kouvri?**

Pwogram nan kouvri ekolaj gratis ak frè pou jiska twazan, sa ki gen ladan trimès ete yo.

## **Èske li konte lè map pran klas yo pandan twazan mwen yo nan TFCC?**

Yon fwa ou kòmanse resevwa lajan TFCC, ou ta dwe vize pou pran kou chak trimès otòn ak prentan. Si w pran yon trimès, ou ka toujou rete enskri nan TFCC. Men sonje: Ou toujou jwenn sèlman jiska 3 ane nan finansman. Si gen yon trimès ou pa pran klas, ou pa p ka jwenn finansman pou trimès ki rate a.

Pandan ke se pa yon kondisyon pou TFCC, ou ta dwe tou eseye pran omwen 10 kredi kolèj chak trimès. Sa ap ogmante chans ou genyen pou w jwenn diplòm dezan w lan nan twazan. Konseye akademik ou an ka ede w rete sou wout la.

### **Yon fwa ke yo aksepte m nan plan an, kijan pou mwen kenbe kalifikasyon an?**

Depi ou fin enskri nan TFCC, ou pa bezwen re-aplike nan ane apre yo. Ranpli FAFSA ou a chak ane pou kontinye resevwa sibvansyon Pell la (si w kalifye).

### **Èske TFCC kouvri pwogram bakaloreya?**

Non. TFCC peye sèlman pou etidyan kap pouswiv kou nan pwogram diplòm dezan ak sètifika a akoutèm. Sepandan, si ou panse ou ta ka vle kontinye edikasyon odela diplòm dezan w, tcheke Boston Bridge oswa pwogram MassArt Transfer.

### Boston Bridge

Boston Bridge se yon patenarya ant TFCC ak pwogram Commonwealth Angajman Eta a ki pèmèt etidyan ki elijib yo jwenn yon diplòm bakaloreya san yo pa peye ekolaj ak frè obligatwa. Aprann plis isit la.

### Pwogram MassArt Transfer

Pwogram MassArt Transfer pral kouvri frè eskolè, frè, ak founiti obligatwa pou etidyan ki kalifye pou PELL k ap transfere soti nan yon kolèj kominotè Massachusetts nan yon pwogram bakaloreya nan MassArt. Pou aprann plis vizite [massart.edu/boston-bridge](http://massart.edu/boston-bridge) oswa kontakte Shannon Gallagher, Konseye Admisyon Transfè MassArt, nan [sagallagher@massart.edu](mailto:sagallagher@massart.edu).

### **Èske li vrèman gratis?**

Wi! Si w se yon rezidan Boston, ekolaj ak frè nan sis kolèj k ap patisipe yo gratis pou toulède pwogram dezan ak sètifika akoutèm yo.

### **Mwen gen yon balans ki pa peye nan kolèj kominotè mwen an epi mwen pa ka re-enskri.**

#### **Èske ou ka ede?**

Wi! Pwogram nan pral peye dèt jiska \$2,500 pou etidyan ki gen yon balans ki pa peye nan yon kolèj patnè si li anpeche yo re-enskri nan kolèj sa a. Etidyan yo dwe re-enskri nan yon pwogram dezan oswa sètifika nan kolèj sa a.

### **Mwen te abandone yon pwogram kolèj kominotè. Èske mwen ka re-enskri nan yon lekòl TFCC pou m fini degre mwen an avèk lajan sa yo?**

Wi! Ou kalifye pou ekolaj gratis si w re-enskri nan yon kolèj kominotè k ap patisipe.

### **Mwen te kòmanse pwogram degre mwen nan yon lekòl ki pa TFCC. Èske mwen ka enskri nan yon lekòl TFCC pou m fini degre mwen an avèk lajan sa yo?**

Wi! Ekolaj ou nan nenpòt nan sis lekòl k ap patisipe yo pral gratis si w se yon rezidan Boston.  
Kontakte lekòl ou chwazi a pou fè aranjman pou nenpòt transfè kredi.